

Deklarasyon enpak ekite pou pwopozisyon ak prezantasyon sou komite skolè a

Tit: Mizajou sou Reouvèti ak Aprantisaj Adistans lan

Dat: 01/27/21

Èske yo te itilize ZOUTI PLANIFIKASYON EKITE RASYAL BPS la? (Wi oubyen Non): Wi (pwogram AWC, Prezans)

Seksyon ki gen rapò ak zouti planifikasyon ekite rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ak ki enpak yo vle jwenn ak pwopozisyon an oswa prezantasyon an? Kiyès ki te dirije pwosesis sa a epi èske yo reflekte divèsite elèv oswa fanmi BPS yo?</i></p>	<p>Nan kontèks enpak negatif ak disparite pandemi an sou elèv Boston Public Schools yo, direktè a ap mande fleksibilite tanporè nan règleman Komite Lekòl yo anrapò ak eleman suivan yo :</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Politik sou Pwomosyon/Retansyon 2) Politik sou Gradyasyon 3) Pwosesis admisyon pou klas travay avanse (Admissions process for Advanced Work Classes, AWC)
<p>2. Aliyman avèk Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon oswa prezantasyon an aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Fleksibilite tanporè nan règleman sa yo koresponn ak plan estratejik BPS la :</p> <p>1.6 Devlope epi kontwole pwogrè yo pou atenn objektif byen klè pou lekòl ak biwo santral yo nan aplikasyon estrateji pou Elimine lakin nan sa a ki gen rapò ak opòtinite ak revisit (espesyalman pou elèv k ap aprann anglè yo ak elèv ki gen andikap yo) epi biwo santral la pral responsab e rann kont sou suivi pwogrè epi bay sipò ... pou responsabilite pataje ak pou rezolisyon pwoblèm.</p>
<p>3. Analiz done <i>Ki done w te itilize pou analize pwoblèm oswa kesyon an ? Èske li te repati pa ras? Ki sa li te montre konsènan diferans ki gen nan popilasyon yo majinalize yo dapre listwa ?</i></p>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Politik sou Pwomosyon/Retansyon: nou te idantifye 1.117 elèv kòm elèv pou n te kenbe pou yo double klas yo ant Jen ak Oktòb 2020. Elèv sèks maskilen Nwa ak Latino-Ameriken yo, elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann anglè yo prezante yon pati dispwopòsyone nan retansyon yo. Done sou prezans ak evalyasyon yo te pibliye pa ras/pa etnisite, epi yo demontre menm tandans yo. 2. Politik sou Gradyasyon : Pousantaj gradyasyon pou elèv Blan ak Azyatik yo te 92%, alòske pousantaj elèv Nwa ak Latinx yo te 76% e 74% respektivman. 3. AWC : Elèv Nwa ak Latinx yo te dispwopòsyonèlman mal reprezante istorikman nan enskripsyon yo ak pou ane skolè 2020-2021 an. Pou ane skolè 2020-2021 an, 453 elèv te resevwa envitasyon epi 116 te enskri nan AWC pou klas 4yèm ane. 60% nan envitasyon yo te ale jwenn elèv Blan ak Azyatik, e 71% nan elèv ki enskri yo se Blan ak Azyatik, menm si Blan ak Azyatik konsitye sèlman 24% nan elèv Lekòl Piblik Boston yo.

<p>4. Angajman aksyonè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, demografik, ak wòl), kijan ak kisa sa a bay ? Kisa elèv oswa fanmi ki pi afekte pa pwopozisyon oswa prezantasyon an te di ?</i></p>	<p>Pwopozisyon an se bay yon fleksibilite imedyata, men tanporè, bay sipèntandan an fleksibilite sou kesyon pwomosyon/retansyon, prezans, evalyasyon, ak règleman gradyasyon. Angajman pèmanan avèk moun ki enterese yo ap fèt san pèdi tan, tankou angaje elèv, fanmi, edikatè, ak responsab lekòl yo, epi kreye gwoup travay pou devlope epi rekòmande règleman revize ki aplikab pou ane skolè sa a sèlman.</p> <p>AWC : Apeprè 100 moun ki enterese yo te angaje nan yon chita pale sou Ekite Kominotè nan dat 22 janvye, kote te genyen òganizasyon kominotè, fanmi/paran, defansè ak patnè BPS. Responsab lekòl yo (de (2) blan, yon Azyatik, ak yon Nwa) nan kat lekòl ki gen pi gwo pwogram AWC te angaje pandan tout mwa Desanm ak Janvye a tou. Anplis de sa, responsab lekòl nan rès lekòl yo te angaje nan pwosesis la, e yo te kòmanse konvèsasyon ak pwofesè pwogram AWC a, Konsèy Paran Lekòl yo ak/oswa Konsèy Lekòl la.</p>
<p>5. Estrateji pou Ekite Rasyal <i>Ki jan pwopozisyon sa a oswa prezantasyon sa a rezoud pwoblèm diferans yo epi ogmante ekite, patikilyèman eklite rasyal? Ki konsekans ki pa volontè ? Ki estrateji konplèmantè ki pral pèmèt pwosesis ekite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Fleksibilite yo pral pèmèt yo bay soulajman bay sitou elèv Nwa, Latinx, elèv k ap aprann anglè yo, ak elèv Edikasyon Espesyal ki afekte dispwopòsyonèlman negativman pa règleman sila yo ki te deja egziste pandan pandemi an. Gwoup travay yo pral konsidere estrateji ki touche ekite rasyal yo pandan ke yo ap devlope kèk nouvo politik pwopoze.</p>
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kouman ekzekisyon an ap rasire pou objektif ekite yo respekte? Èske gen dirijan ak pèsonèl ki nwa, ki latino ki pote yon apò ekite rasyal?</i></p>	<p>Enpak sou Bidjè ak aplikasyon yo dwe detèmine. Ekip egzekitif sipèntandan an ak lòt moun ki chaje pou enplemantasyon an pral pote yon eklèsisman sou ekite rasyal nan chak etap. Pou lekòl ki chwazi aplike rijidite AWC yo atravè klas 4yèm ane a, nou atann ap gen yon depans ki gen rapò ak ekspansyon nan lang mondyal yo ak pou sipòte edikatè yo.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kouman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo bay pati enterese yo? Kiyès k ap responsab pou sa ?</i></p>	<p>Atravè misyon gwoup travay la, gen mezi klè ak plan yo pral mete pou evalye, dokimante, e kominike enpak yo.</p>